28 नवंबर कए श्रीपांच महाराजा डॉ सर कामेश्वर सिंह क 101म जयंती पर *विशेष*

बिहारक सबस पैघ उद्योगपति क कथा

हम सब बिसरी गेलहु महाराज

- पटना, 18 नवंबर,2008
- साप्ताहिक
- अंक- 16
- साल-1
- इनटरनेट संस्करण

समाद

मैथिली मे पहिल इ-पेपर

आउ मिली कए बनाबी बिहार

पासवान केलथि राज्यक विकास लेल जाति-पातक राजनीति कए तिलांजलि देबाक आह्वान

15 दिन क भीतर गया जिला मे स्टील प्रोसेसिंग यूनिट क होयत शिलान्यास

शीघ्र होइत सेल क सहयोग स बरौनी मे राष्ट्रीय स्तरक स्टेडियम क निर्माण

बरौनी। केन्द्रीय इस्पात, रसायन एवं उर्वरक मंत्री राम विलास पासवान बिहार क नेता स एकजुट भ राज्य क विकास क लेल काज करबाक आह्वान केलथि अछि। ओ कहलथि जे वर्ष 1999 स बंद बरौनी उर्वरक संयंत्र कए खोलबाक जे वादा ओ केने रहथि ओरा आइ पूरा करि रहल छथि। पासवान ई गप उर्वरक विदेश लिमिटेड क बरौनी यूरिया संयंत्र क पुनः निर्माण कार्य क शिलान्यास करबाक बाद समारोह कए संबोधित करैत कहलाह। ओ कहलथि जे एहि कारखाना क पुनः निर्माण पर 45 हजार करोड1 निवेश भ रहल अछि। एकर अलावा केन्द्र सरकार बरौनी संयंत्र पर बकाया करीब तीन हजार करोड़ टका माफ करबाक निर्णय लेलक अछि। ओ कहलथि जे बिहार क मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो कारखाना पर बिजली बिल क बकाया करीब 274 करोड़ टका माफ करबाक घोषणा केलथि अछि, जेकरा लेल ओ बधाई क पात्र छथि। पासवान कहलथि जे बिहार क विकास क लेल मुख्यमंत्री, रेल मंत्री लालू प्रसाद समेत सब नेता एकजुट छी आ राज्य क विकास लेल हरसंभव प्रयास भ रहल अछि। ई संयंत्र गैस आधारित होइत इ एकरा लेल सबटा व्यवस्था करि लेल गेल अछि। ओ कहलथि जे एहि संयंत्र स वर्ष 2012 स उत्पादन शुरू भ जाइत। बाद मे एकर लग पास मे पेट्रोकेमिकल्स कारखाना क सेहो स्थापना कैल जाइत आओर एकरो संबंध मे निर्णय लेल जा चुकल अछि।

पासवान कहला जे गया जिला मे 15 दिन के भीतर स्टील प्रोसेसिंग यूनिट क शिलान्यास भ रहल अछि। एकर अलावा स्टील अथारिटी ऑफ इंडिया लिमिटेड क सहयोग स बरौनी मे एक स्टेडियम क निर्माण कराउल जा रहल अछि ओ देश मे उर्वरक क कालाबाजारी पर चिंता व्यक्त करैत कहला जे एकरा रोकबा लेल विभिन्न राज्य सरकार कए पत्र लिखल गेल अछि। केन्द्रीय मंत्री कहला जे आई रेल मंत्री लालू प्रसाद, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ ओ स्वयं एक मंच पर उपस्थित छथि आ विकास क मुद्दा पर कोनो राजनीति नहि करए चाहैत छथि। महाराष्ट्र मे उत्तर भारतीय पर भ रहल हमला पर चिंता करैत कहला जे एहि सिलसिला मे ओ पहिने ओहि ठाम धारा 356 लगेबाक मांग करि चुकल छथि आ केन्द्रीय मंत्रिमंडल क बैठक मे सेहो प्रधानमंत्री स अनुरोध केने छथि। विद्यार्थी आ रोजगार क तलाश मे अन्य प्रदेश मे गेल बिहारी संग लगातार दुर्व्यहार भ रहल अछि। प्रदेश मे जखन तक गरीबी आ बेरोजगारी रहत जखन धरि एहि प्रकारक घटना होइत रहत।

पासवान उपस्थित नेता सब स जातपात आ धर्म क राजनीति छोड़बाक अनुरोध करैत विकास क राजनीति करबाक आह्वान केलथि। ओ कहलथि जे लालू, नीतीश आ पासवान राजनीति क तीन धुरी छी, मुदा विकास क मुद्दा पर आब हम तीनू एक संग छी। ओ कहलथि जे केन्द्र सरकार कोनो राज्य क संग पक्षपात नहि केलक अछि आ बिहार क पूर्ववर्ती लालू-राबड़ी क सरकार कए जेतेक धन नहि देल गेल ओहि स बहुत बेसी धन नीतीश सरकार कए देल गेल अछि। रामविलास पासवान कहलथि जे केंद्र या राज्य सरकार कए मात्र चाहला स बिहारक विकास नहि भ सकैत अछि। राज्यक विकास तखन संभव अछि, जखन राज्यक बच्चा-बच्चा एकरा लेल प्रयास करत। पासवान कहलथि जे बिहारक विकास असंभव नहि रहल, किएक त हम तीनू नेता आई एक मंच स बिहारक औद्योगिक नगर मे बिहारक विकासक लेल प्रयास करबाक शपथ ल रहल छी। अहां लोकनिक सहयोग भेटल त बिहार एक दिन अवश्य विकासित राज्य बनत।

- **1999 स बंद बरौनी उर्वरक संयंत्र कए खोलबाक जे वादा केने रही ओकरा आई पूरा करि देलहु**
- **कारखाना क पुनः निर्माण पर 45 हजार करोड़ निवेश भ रहल अछि**
- **केन्द्र सरकार बरौनी सयंत्र पर बकाया करीब तीन हजार करोड़ टका माफ करि देलक**
- **कारखाना पर बिजली बिल क बकाया करीब 274 करोड़ टका राज्य सरकार माफ केलक**
- **एहि संयंत्र स वर्ष 2012 स उत्पादन शुरू भ जाइत**

11 हजार 55 लाख मीट्रिक टन यूरिया क उत्पादन होयत

नेशनल फर्टिलाइजर लिमिटेड (एनएफएल), राष्ट्रीय केमिकल्स एंड फर्टिलाइजर लिमिडेड (आरसीएफ) आ कृषक भारतीय कॉपरेटिव लिमिटेड (कृभको) क सयुक्त उद्यम उर्वरक विदेश लिमिटेड (यूबीएन) नामक संयुक्त उद्यम कंपनी हिन्दुस्तान फर्टिलाइजर कॉरपोरेशन लिमिटेड (एचएफसीएल) क बरौनी इकाई क पुन:निर्माण करत। एहि इकाई क व्यवहार्य बनेबा ले सरकार बकाया ऋण आ ब्याज कए समाप्त करबा लेल सैद्धांतिक रूप स सहमति द देलक अछि। केन्द्र सरकार 30 अक्टूबर, 2008 कए स्पेशल परपस व्हीकल क तहत बरौनी इकाई कए पुन:निर्माण क सहमति प्रदान केने छल। गैस पर आधारित एहि ब्राउन फिल्ड यूनिट क लेल प्राकृतिक गैस क आपूर्ति हल्दिया, जगदीशपुर पाइप लाइन क माध्यम स कैल जाइत, जाहिमे गैस क श्रोत कृष्ण गोदावरी बेसिन अथवा मौजूदा एस बीज पाइप लाइन होयत। एकरा लेल हल्दिया-जगदीशपुर पाइप लाइन स बरौनी क बीच एक टा 200 किलो मीटर क सीधा लाइन बिछाउल जाइत। गैस पर आधारित एहि ब्राउन फिल्ड बरौनी इकाई क वार्षिक स्थापित क्षमता 11 हजार 55 लाख मीट्रिक टन यूरिया क उत्पादन होयत। एहि पर लगभग 4500 करोड़ टकाक निवेश होइत।

राज्य में विकासक सूर्योदय भ रहल अछि

बरौनी यूरिया संयंत्र क पुनः निर्माण कार्य क शिलान्यास करबाक बाद समारोह कए संबोधित करैत रेल मंत्री लालू प्रसाद कहला जे बिहार क सुदूर क्षेत्र कए सेहो देश क प्रमुख स्थान स जोड़बा लेल 65 हजार करोड़ टकाक लागत स विभिन्न रेल परियोजना पर काज चलि रहल अछि। एहि मौका पर लालू सिमरिया स्टेशन कए राष्ट्र कवि रामधारी सिंह दिनकर क नाम पर दिनकर नगर करबाक घोषणा केलथि। एहि दौरान ओ रेलवे क विकास काजक विस्तार स चर्चा केलथि। लालू बरौनी संयंत्रक पुनः निर्माण क लेल श्री पासवान कए धन्यवाद देलाह आ कहलथि जे किछु वर्ष पूर्व बरौनी कारखाना बंद भेला स जे बिहार मे औद्योगिक सूर्यास्त भ गेल छल, से आब एहि कारखाना क पुनः खुलबा स एहि राज्यक लेल औद्योगिक सूर्योदय होयत। ओ कहला जे विशेष परिस्थि कए छोड़ि कए देश क कोनो नागरिक कए कोनो हिस्सा मे जेबाक आ रोजगार करबाक अधिकार छैक। ओ कहला जे बिहारक लोक संग आई नहि कई दशक स नाइंसाफी भ रहल अछि, मुदा आब नहि होयत, किएक जे हम सब एहि मुद्दा पर पहिने जेंका बटल नहि छी।

बिहार लेल औद्योगिक सूर्यास्त भ गेल छल, मुदा एहि कारखाना क पुनः खुलला स एक बार फेर एहि राज्य लेल औद्योगिक सूर्योदय भ रहल अछि।

रोटीक लेल घर छोड़बाक मजबूरी नहि रहत

बरौनी यूरिया संयंत्र क पुनः निर्माण कार्य क शिलान्यास करबाक बाद समारोह कए संबोधित करैत मुख्यमंत्री एहि कारखाना कए तय समय सीमा क भीतर चालू करबाक अनुरोध केलाह। ओ कहला जे सरकार संयंत्र पर बकाया बिहार बिजली बोर्ड क राशि कए माफ करि देलक अछि। ओ कारखाना कए चालू करबा लेल केन्द्र स शीघ्र पैकेज तैयार करबाक आओर ओकरा शीघ्र लागू करबाक आह्वान केलथि। आ पासवान कए समारोह मे आमंत्रित करबा लेल धन्यबा दैत लालू प्रसाद पर चुटकी लैत कहला जे रेल क कार्यक्रम मे हुनका आमंत्रित नहि करबाक दुख छैन, किया कि जखन ओ रेलमंत्री छलाह त रेलवे क कार्यक्रम मे लालू आ राबड़ी देवी कए आमंत्रित करैत छलाह। नीतीश कुमार कहला जे विकास क मुद्दा पर आब मतभेदक सवाले नहि अछि, चुनाव क दौरान हम अपन 'तीर' चलाइब, पासवान अपन झोपड़ी ल कए घुमताह, जखन कि लालू जी अपन लालटेन स लोक कए अपन दिस अनबाक कोशिश करताह। हालांकि जमाना आई लालटेन क नहि बिजली क अछि। मुदा हमरा सब कए एहन बिहारक निर्माण करबाक अछि जाहि ठाम दो जूनक रोटी क लेल अपन घर छोड़बाक मजबूरी नहि रहल।

हमरा सब कए एहन बिहारक निर्माण करबाक अछि जाहि ठाम दो जूनक रोटी क लेल अपन घर छोड़बाक मजबूरी नहि रहल।

टका जाइत त आदमी सेहो जाइत मुंबई : नीतीश

पटना क रुकमिणी बनर्जी कए प्रथम मौलाना आजाद शिक्षा पुरस्कार

18टा बिहारी छात्र-छात्रा भेलथि 'बिहार गौरव पुरस्कार' स सम्मानित

पटना। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार मुंबई मे बिहारी क पिटाई क लेल जिम्मेवार मुंबई नवनिर्माण सेना प्रमुख राज ठाकरे व हुनकर समर्थन मे ठार कांग्रेस सरकार पर सीधा निशाना साधैत कहला जे मुंबई मे बिहार क टका जा रहल अछि, त बिहारी सेहो जाइत। ओ कहला जे बिहार क पाई मुंबई मे लागे ई ठाकरे आ ओकरा समर्थन द रहल कांग्रेस क नजरि मे ठीक अछि, मुदा बिहारक आदमी पसंद नहि। ई नहि चलि सकैत अछि।

मौलाना अबुल कलाम आजाद क जन्मदिवस पर गांधी मैदान मे अयोजित दो दिवसीय शिक्षा दिवस समारोह कए गुब्बारा उड़ा कए उद्घाटन करैत मुख्यमंत्री कुमार कहला जे सूबा मे किछु लोक 'निराशा क मसीहा' बनि बैसल छथि। ओ आब बुझि जाउथ जे हम बिहार कए लाठी क नहि ज्ञान क केंद्र बनबए चाहैत छी। आब लाठी कए तेल पियाबए वाला जमाना नहि छैक। हम लाठी में तेल नहि कलम मे रोशनाई भरबाक काज कए रहल छी। मुख्यमंत्री एहि मौका पर प्राथमिक स्कूल स बाहर रहि गेल करीब दस लाख महादलित व मुस्लिम समुदाय क बच्च कए शिक्षा स जोड़बाक लेल महादलित शिक्षा व तालिमी मरकज योजना क सेहो शुभारंभ केलथि। ओ एहि माह चारटा सरकारी इंजीनियरिंग कॉलेज कए चालू करबाक घोषणा केलथि अछि। मुख्यमंत्री एहि मौका पर पटना क रुकमिणी बनर्जी कए प्रथम मौलाना आजाद शिक्षा पुरस्कार क तौर पर दो लाख टका आ प्रशस्ति पत्र दे कए सम्मानित केलथि। एहि मौका पर अपन हाथ स ओ 18टा बिहारी छात्र-छात्रा कए बिहार गौरव पुरस्कार स सम्मानित केलथि।

मुख्यमंत्री कहला जे मुंबई पर देश कए नाज अछि,ओहि ठाम देश भर क पूंजी लगल अछि। संविधान सब नागरिक कए ओहि ठाम बसबाक आजादी देने अछि, मुदा ओहि ठाम बिहारी कए जलील कैल जा रहल अछि। एकरा हम नहि हुए देब। जोश भरल अंदाज मे ओ कहला जे हम बिहार मे इतबा विकास करि देब जे बिहार क छात्र कए तकनीकी पढ़ाई क लेल बाहर नजेबाक जरूरत नहि रहत, बल्कि बाहर क लोक नौकरी करबा लेल बिहार आउत। ओ कहा जे राज्य मे पांचटा नव मेडिकल कॉलेज खुलत। एकर अलावा नेशनल इंस्टीच्यूट ऑफ फैशन टेक्नोलाजी सन ओ तमाम कोर्स, जाहि मे युवा क रूचि अछि बिहार मे खोलबाक प्रयास भ रहल अछि।

मुख्यमंत्री कहला जे किछु मामला मे भले बिहार पाछु अछि, मुदा किछु मामला मे हम पथप्रदर्शक छी। मौलाना आजाद क जन्मदिवस कए शिक्षा दिवस क तौर पर दू साल स बिहार सरकार मना रहल अछि। देर स सही केंद्र सेहो एकरा मानि लेलक अछि।

मुख्यमंत्री कहला जे ओ तीन साल मे स्कूल नहि जा रहल 15 लाख बच्चा कए स्कूल पठेबा मे सफल रहलथि अछि। दस लाख बाहर बचि गेल महादलित व मुस्लिम बच्चा चिह्नित भ चुकल अछि। ओकरा स्कूल मे दाखिल करबाक योजना चालू भ चुकल अछि। एकर तहत हुनके समुदाय क लोकक जरिए ओकर पठन-पाठन, भोजन आ रहबाक स्थान क व्यवस्था कैल जाइत। हुनका पढ़ेबाक क्षमता रखनिहार लोक कए सरकार मानदेय द प्रोत्साहित करत।

मुख्यमंत्री कहला ज एहि आयोजन क जरिए सरकार क प्राथमिक स उच्च शिक्षा क विकास क तीन साल क कार्यकलाप स जुड़ल विभिन्न पहलु कए प्रस्तुत करबाक कोशिश भेल अछि। समारोह मे मानव संसाधन विकास मंत्री हरिनारायण सिंह, पूर्व विदेश राज्य मंत्री हरिकिशोर सिंह, इमारते शरिया क महासचिव सनाउल्लाह, अल्पसंख्यक आयोग क नौशाद अहमद आ मदरसा बोर्ड, वक्फ बोर्ड व संस्कृत शिक्षा बोर्ड क अध्यक्ष मौजूद छलाह।

एहि मौका पर मुख्यमंत्री अभिवंचित वर्ग क बच्च कए स्कूल तक अनबा मे अहम योगदान करबा लेल पटना क रुकमिणी बनर्जी कए प्रथम मौलाना आजाद शिक्षा पुरस्कार दो लाख रुपये नकद आ प्रशस्ति पत्र दे कए सम्मानित केलथि।

हम सूबा क एतबा विकास करि देब जे बिहार क छात्र कए तकनीकी पढ़ाई क लेल बाहर नहि जे पड़त, बल्कि बाहर क लोक कए नौकरी करबा लेल बिहार आबय पड़त।

- तकनीकी संस्थान क प्रतियोगिता परीक्षा मे सफल पटना क शिति कंठ कए आईआईटी 2008 आ 39वें भौतिकी ओर्लपियाड मे गोल्ड मेडल प्राप्त करबा पर डेढ़ लाख क नकद ईनाम
- गया क भावना सिंह कए सीएलएटी 2009 पीजी मे प्रथम स्थान बनबा लेल एक लाख टका ईनाम
- एआईआईएमएस 2008 मे सफल पटना क डॉ मधुकर दयाल कए 50 हजार टका ईनाम
- आईआईटी जमशेदपुर परीक्षा मे तीसर स्थान अननिहार दरभंगा क प्रणव कुमार सिंह कए 50 हजार टका ईनाम
- नेशनल इंस्टीच्यूट ऑफ फैशन टेक्नोलाजी परीक्षा मे तृतीय पटना क रोहित कुमार कए 50 हजार टका ईनाम
- यूपीएससी सेंट्रल पुलिस फोर्स परीक्षा 2008 मे दूसर स्थान अननिहार बांका क उत्तम कश्यप कए 50 हजार टका ईनाम
- अंतरराष्ट्रीय ज्योतिष ओर्लपियाड मे स्वर्ण पदक विजेता दानापुर क शांतनु अग्रवाल कए 50 हजार टका ईनाम
- बिहार संयुक्त प्रतियोगिता परीक्षा में एक से तीन तक रैंक अननिहार पटना क रमण रंजन, सुशांत कुमार, राहुल मयंक व अमित कुमार, नालंदा क विनय कुमार, खगड़िया क अनामिका भारती आ प्रियंका भारती, जमुई क रजनी कुमारी, सिवान क बिनोद कुमार सिंह आ गया क शशिकांत कुमार कए तीस-तीस हजार टका ईनामक रूप मे देल गेल

भैया कए कटलथि, फेर खा गेलथि राज ठाकरे

मुंबई। राज ठाकरेक भीतर बिहारी लेल कतेक प्रेम छैन, एकर प्रमाण पिछला हफ्ता देखबा मे भेटल। राज ठाकरे अपन जन्मदिनक मौका मे जे केक कटलथि, ओ पर 'भैया' लिखल छल। लेकिल एहन नहि छल, सच पुछल जाए त राज 'भैया' लिख केक नहि, बल्कि भैया रूपी केक कए कटलथि। केक पर छूरी चलेबाक तरीका सेहो अजीब छल। राज पहिने छूरी कए छूरा जेकां पकड़लथि, फेर कोना-कोनी केक कए चीर देलथि। राजक एहि 'बहादुरी' पर हुनकर धर्मपत्नी क कहब छल,' तुमने भैया को काट डाला।' अद्‌भुत, लेकिन सच, राज भैया कए हत्या करबाक इच्छा रखैत छथि। ओ नरभक्षी हेबाक सेहो प्रमाण देबा स पाछु नहि टहलाह। केक खेलाक उपरांत हुनका स कहल गेल,' वाह, तुमने भैया को खा लिया। अपन जिनगी क वर्षगांठ पर भैयाक मौतक इच्छा रखनिहार भारतक एहि नवका 'लौह-पुरुष' कए महाराष्ट्र सरकार अगर गिरफ्तार नहि केलक त एकर एक मात्र कारण ई अछि जे राज्य सरकार एहि मुद्दा कए कोनो हालत मे शांत करबाक पक्ष मे नहि अछि। ओना मराठी-गैरमराठी विवाद कए ल कए महाराष्ट्र क मुख्यमंत्री विलासराव देशमुख तीन दिन क भीतर दू बेर सर्वदलीय बैठक बजेलथि, मुदा दूनू बेर बैठकक नतीजा फीका रहल आ एहि बैठक क बाद राज्यपाल एससी जमीर स भेंट करबा लेल जे प्रतिनिधिमंडल राजभवन गेल ओहि मे कांग्रेसक पिछलग्गु दल शामिल छल। बाद मे कांग्रेस क प्रदेशाध्यक्ष माणिकराव ठाकरे कहलथि जे श्री देशमुख क नेतृत्व मे एकटा प्रतिनिधि मंडल प्रधानमंत्री मनमोहन सिंह स 29 नवंबर कए हुनकर मुंबई यात्रा क दौरान भेंट करत आ एहि मुद्दा पर गप करत। भारतीय जनता पार्टी 10 नवम्बर कए बजाउल गेल पिछला बैठके स भाग नहि ल रहल अछि आ ओ राज्यपाल स भेंट करबा लेल गेल प्रतिनिधिमंडल स सेहो अलग रहल। विधान सभा मे विपक्ष आ शिवसेना क नेता रामदास कदम सर्वदलीय बैठक मे त भाग लेलाह, मुदा प्रतिनिधिमंडल मे शामिल हेबा स मना करि देलथि। ओ कहलथि जे विधिव्यवस्था क बिगड़ैत स्थिति स राज्य सरकार क खराब भ रहल छवि कए सुधारबाक प्रयास करबाक मे संग नहि देब। अगर सरकार रेल भर्ती बोर्ड आ अन्य केन्द्रीय सेवा क परीक्षा मे 'मराठी मानूस' क हित मे कदम उठबैत अछि आ मुम्बई मे परप्रांतीय कए आबै स रोकबा लेल दृढ रूख अपनाबैत अछि, त हुनकर पार्टी एकर समर्थन करत।

दोसर दिस राज्यपाल एससी जमीर स प्रतिनिधिमंडल क सदस्य कहलथि जे महाराष्ट्र क बाहर एहि राज्य क बारे मे दुष्प्रचार भ रहल अछि आ एहि स राष्ट्रीय एकता आ अखंडता क भावना कए ठेस लागि रहल अछि।

श्री देशमुख कहला जे महाराष्ट्र क संस्कृति सर्वसमावेशी अछि आ राज्य मे रहनिहार गैरमहाराष्ट्र मूल क कोनो व्यक्ति नहि कहि सकैत अछि जे ओ असुरक्षित अछि। एकर बावजूद किछु लोक एहि गप कए ल कए हाय-तौबा मचा रखने छथि जे राज्य मे हिन्दीभाषी सुरक्षित नहि छथि। जानकार सूत्र क अनुसार राज्यपाल मनसे अध्यक्ष राज ठाकरे क खिलाफ कड़ी कार्रवाई करबाक गप उठौलथि, जाहि पर मुख्यमंत्री क कहब छल जे राज कानून स ऊपर नहि छथि। सर्वदलीय बैठक मे मनसे क कोनो प्रतिनिधि नहि बजेबाक पाछु कारण ई कहल गेल जे मनसे लग एकोटा विधायक नहि छैन, एहन मे हुनकर एहि प्रकारक बैठक मे हिस्सा लेबाक औकात नहि छैन। बैठक क आयोजन पर मनसे क प्रतिक्रिया तत्काल नहि भेटल अछि।

हिरामन कए बच्चू यादव नहि बनाउ

टॉलीवुड अर्थात कोलकाता(टॉलीगंज) आ बॉलीवुड अर्थात मुंबई सिने जगत मे बिहारक अलग-अलग छवि अछि। बिहारक प्रति ई नजरिया नव नहि अछि। कोलकाता स या कोलकाता वाला जखन-जखन बिहारक कहानी पर सिनेमा बनेलक ओकरा लेल बिहारी पात्र एकटा सकारात्मक छविलेने रहल, जखन कि वॉलीवुड जखन-जखन बिहारी पात्र के गढ़लक ओकरा मे नकारात्मक छवि देबाक प्रयास केलक। जेकर परिणाम ई भेल जे वासु भट्टाचार्य जहि हिरामन के बिहारी कहने छलाह, ओकरा शूल मे बच्चू यादव बना देल गेल। कहल गेल जे बिहार आब ओ नहि रहल। मुदा रितुपुर्णो घोष क रैनकोट आ अंतरमहल स एक बेर फेर बंगाल मुंबई स भिन्न बिहारीक छवि दुनियाक सामने रखलक। बांग्ला सिनेमा एक बेर फेर साबित केलक जे बिहारी नहि बदलल अछि। हिरामन आइ बिहार मे जीवित अछि। कोलकाता स्पष्ट रूप स कहलक जे बच्चू यादव बिहारक आम लोकक प्रतिबिम्ब नहि भ सकैत अछि, जखन कि मुंबई एकरा मानबा लेल एखनो तैयार नहि अछि।

टॉलीवुड मे हीरो आ बॉलीवुड मे विलेन बनैत रहल बिहारी

मन पारू 'तीसरी कसम' क ओ दृश्य, वहीदा रहमानक पैर देखी राज कपूर ओकरा प्रणाम करबा लेल आगू बढ़ैत छथि। ठीक ओहने दृश्य मोतिहारी टिसनो पर देखबा मे भेटल। जखन शूल क शूटिंग क दौरान मोतिहारी टिसन पर रवीना टंडन पहुंचलीह, त हुनक रूप पर मोहित भ एकटा वृद्ध हुनका प्रणाम करबा लेल चरण छूबाक प्रयास केलक। बिहार मे एहि स पैघ आओर की प्रमाण भ सकैत अछि जे बिहारक आम आदमी एखनो थियेटर आ सिनेमाक नायिका के कौन रूप मे देखैत अछि। सवाल ई नहि अछि जे बिहार मे अपराध, बलात्कार या अभद्र व्यवहार नहि होइत अछि। समस्या तखन उत्पन्न होइत अछि जखन एकटा एहन सिनेमाक बाद बिहारी पात्र स्थाई तौर पर खलनायक भूमिका मे राखि देल जाइत छथि। कहल जाइत अछि जे बिहार आब ओ नहि रहल। किछु पुरान लोक एहनो हिरामन सन अछि, मुदा नवका बच्चू यादव स कम नहि। दुर्भाग्य रहल जे पिछला दशक मे बिहार आ बंगाल मे सिनेमा क गति धीमा रहल आ ओ वॉलीवुडक उत्तर देबा लेल तैयार नहि छल। बिहार मे एहि तरहक सांस्कृतिक आ सामाजिक अपमानक कोनो प्रतिरोध नहि हेबाक एकटा आओर कारण ई रहल जे बिहार अपन सबस करीब बांग्ला सिने जगत कए नजर अंदाज करैत रहल आ बॉलीवुडक चमचागीरी मे बाझल रहल। भोजपुरी सिनेमाक लोकप्रियताक बावजूद बॉलीवुडक एहि अभियान कए रोकबा लेल बिहार समर्थ नहि भ सकल, कारण छल बॉलीवुड पर ओकर निर्भरता। जेकर प्रमाण अछि गंगाजल, अपहरण आ मृत्युदंड। एकरा अलावा एहि दौरान बॉलीवुड मे बिहारक पृष्ठभूमि मे लिखल देवदास आ परिणिता बनल, जाहि मे बिहारक जिक्र तक बर्दाश्त नहि कैल गेल। परिणिता मे त उपन्यासक पात्र तक बदलि देल गेल। बिहारक मुंगेर क बदला मे इंग्लैंड स नायक कए आनल गेल। शरदचंद्र क बिहारी हीरो विदुविनोद चोपड़ा कए मंजूर नहि छल। कारण कहल गेल जे कोनो बिहारी एतेक समृद्ध कोना भ सकैत अछि। एकटा समृद्ध बिहारी कए दर्शक पचा नहि पाउत। देवदास देखला स त लगिते नहि अछि जे एहि मे कतहु बिहार अछि। शुक्र रहल जे एहि दौरान रेणुक कोनो रचना पर सिनेमा नहि बनल, नहि त तीसरी कसम सेहो सिंगापुरक पृष्ठभूमि मे देखाउल जा सकैत छल। एहन मे एक बेर फेर बंगाल स आस जगल। रितुपुर्णो घोष सशक्त रूप स बिहारीक छवि परदा पर उतारबाक प्रयास केलथि। पहिने रैनकोट आ फेर अंतरमहल। ई दू टा सिनेमा बिहारी क ओ छवि एकबेर फेर स्थापित करबा मे सफल भेल जेकरा शूल सन किछु सिनेमा बदली देने छल।

फिल्म हाइजैक मे अभिनेत्री कविता झा

बॉलीवुड भोजपुरी त टॉलीवुड मैथिली कए देलक महत्व

बंगालक फिल्मकार जखन बिहारक पृष्ठभूमि पर सिनेमा बनाउलथि, ओ मिथिलाक संस्कृतिक चित्रण करबा मे लाज नहि केलथि। 'तीसरी कसम' मे 'चाह' शब्द कए के बिसरत। रेणुक खाटी बिहारी शैलीक एहि शब्द मे मात्र चाय क बोध नहि अछि। दरअसल मिथिला मे 'चाह' एकटा संस्कृति स जुड़क शब्द अछि, जेकर अनुवाद नहि भ सकैत अछि। बासु चटर्जी एहि गप कए बुझैत छलाह। रेणुक रजामंदीक बावजूद ओ एकर अनुवाद करबा लेल तैयार नहि भेलाह। तहिना रितुपूर्णो घोष अपन रेनकोट आ अंतःमहल मे मैथिली भाषा आ संस्कृति कए छाप देबा मे कोनो समझौता नहि केलथि। मुदा एहन कोनो उदाहरण मुंबई मे देखबा मे नहि भेटैत अछि। मुंबई क फिल्मकार बिहार कए अधिकतर गरीब, भ्रष्ट आ मूर्खक रूप मे प्रस्तुत करैत एलाह अछि, जाहि लेल ओ बिहारीक भाषाक रूप मे भोजपुरीक प्रयोग करैत छथि। पिछला किछु साल मे देखबा मे आइल अछि जे बॉलीवुड बिहारीक किरदार कए भोजपुरी अथवा मैथिली भाषाक स्थान पर 'लालू भाषा शैली' क प्रयोग करबैत अछि। बिहार सन सांस्कृतिक आ भाषाई रूप स समृद्ध राज्य कए एकटा नेताक शैली सन परिभाषित करबाक पाछु सेहो एकटा राजनीति रहल अछि।

गंडक मे स्नान करैत सोनपुर मेला मे पहुंचल हाथी

मिथिला राज्य स नेपाल कए कोनो मतलब नहि : रामचंद्र झा

दरभंगा । भारत विरोधी गतिविधी लेल नेपाली भूमि क इस्तेमाल नहि हुए देब। भारत आ नेपाल क संबंध अटूट अछि । ई गप नेपाल सरकार क नगर विकास मंत्री रामचंद्र झा पत्रकार स गपशपक दौरान कहलथि। ओ विद्यापति सेवा संस्थान क तत्वावधान मे एमएलएसएम कॉलेज परिसर मे आयोजित तीन दिवसीय मिथिला विभूति पर्व समारोह क पहिल दिनक कार्यक्रम मे भाग लेबा लेल आइल छलाह।

ओ कहलथि जे नेपाली भारत विरोधी कहियो नहि भ सकैत छथि। माओवादी समस्या क मिलजुल कए निदान संभव अछि। चीन स नेपाल क नजदीकी क कोनो अन्य अर्थ नहि निकालबाक चाहि। आई चीन आ भारत क स्थिति 1965 सन नहि अछि। दूनू देश नजदीक भ रहल छथि। नेपाली मंत्री कहला जे नेपाल क तराई कए जनता भाषाई आधार पर मिथिला राज्य क स्थापना क पक्षधर छथि। ओहि क्षेत्र क जनप्रतिनिधि सेहो एहन सोचैत छथि। नेपाल मे संविधान निर्माण क प्रक्रिया एक सप्ताह मे शुरू भ जाइत। निर्माण समिति क सदस्य सेहो अलग-अलग प्रदेश क पक्षधर छथि। पहाड़ी क्षेत्र कए दुर्गमिता आ तराई कए भाषाई आधार पर प्रदेश मे बांटला जा सकैत अछि। ओ कहलथि जे उत्तर बिहार क लोक क मिथिला राज्य क मांग स हुनका या नेपाल क जनता कए कोनो लेना-देना नहि छैक। नेपाल क उप राष्ट्रपति परमानंद झा द्वारा हिन्दी मे शपथ लेबाक विरोध क बारे मे पूछला पर कहला जे हुनका नेपाल क राष्ट्र भाषा नेपाली अथवा अपन मातृभाषा मैथिली मे शपथ लेबाक चाहि, मुदा ओ अंतरराष्ट्रीय भाषा हिन्दी मे शपथ ले कए जनता क भावना कए छेड़बाक काज केलथि, जाहि स जनविरोध भेल। नेपाली मंत्री श्री झा कहला जे नेपाल धर्मनिरपेक्ष राष्ट्र अछि आ सब धर्म कए ओहि ठाम समान महत्व प्राप्त अछि। मुसलमान क समग्र विकास क लेल शीघ्र मुस्लिम आयोग क स्थापना करबाक विचार अछि। नेपाल मे उर्दू भाषी क अलग स कोनो पॉकेट एरिया नहि अछि। श्री झा कोसी क प्रलयंकारी बाढ़ क चर्चा करैत कहला जे एहिस नेपाल कए सेहो क्षति भेल अछि, मुदा एहि ठाम त केंद्र आ राज्य मे आरोप-प्रत्यारोप चलि रहल अछि। ओ बाढ़ क मद्देनजर तकनीकी समाधान क आवश्यकता जतउलथि।

मैथिली छोड़ि हिंदी मे शपथ लेब परमानंद झा क गलत फैसला छल

महावीर कैंसर संस्थान स जुड़ल लंदन क अस्पताल

मंदिर क चढ़ावा स होई वाला आमदनी क सही उपयोग करि कए एकटा संस्थान अपन जीवन स निराश भ चुकल एहन लोक जे मौत क बाट ताकि रहल छथि, हुनका नव जिंदगी देबाक प्रयास करि रहल अछि, जे अपने-आप मे एकटा मिसाल अछि। यहै गप ओकरा नीक लागल आ ओ महावीर संस्थान कए एकटा संदेश पठेलक ले जे संस्थान क एहि केयर सेन्टर क कोनो योजना मे सहयोगी हेबा पर फर्क महसूस करत। संस्थान क निदेशक डॉ जितेन्द्र कुमार सिंह कहला जे ई गर्व क गप थीक।

फुलवारीशरीफ। राजधानी पटना स महज आठ किलो मीटर पर फुलवारीशरीफ मे स्थित महावीर कैंसर संस्थान कैंसरग्रस्त लोकक सेवा करि कए अपना नाम विश्व मे रोशन केलक अछि। रोगी क सेवा करबा में संस्थान विश्व मे अपन एहन पहचान बनेलक अछि जे लंदन क प्रख्यात अस्पताल एकरा स जुड़बाक फैसला करैते पेलिएटिव केयर सेन्टर क कोनो योजना मे सहभागी हेबाक इच्छा जतेलक अछि। विदेश क कोनो पैघ अस्पताल स एहन प्रस्ताव एला पर संस्थान क निदेशक काफी खुश छथि। फुलवारीशरीफ स्थित महावीर कैंसर संस्थान क पेलिएटिव केयर अभियान क संग विश्व क प्रख्यात अस्पताल संत क्रिस्टोफर हास्पीस ऑफ लंदन जुड़ि गेल अछि। हास्पीस के निदेशक डेविट ओफिनर ई-मेल पठा कए संस्थान क निदेशक डॉ जितेन्द्र कुमार स कहला अछि जे हुनकर हास्पीस संस्थान क पेलिएटिव केयर सेन्टर क कोनो योजना मे सहभागी बनबा मे गर्व महसूस करत। पेलिएटिव केयर सेन्टर क अर्थ लाइलाज भ चुकल कैंसर रोगी क सेवा मे बनल अस्पताल अछि। लंदन क संत क्रिस्टोफर हास्पीस क ई संदेश बिहार लेल सेहो गौरव क गप अछि। एहि स पहिने हास्पीज पर 27, 28 सितम्बर कए इंडियन एसोसिएशन पेलियेटिव केयर ऑफ इंडिया दो दिवसीय सेमिनार क आयोजन केने छल। जाहि मे एसोसिएशन क अध्यक्ष डॉ एस नायक हिस्सा लेने छलाह। सेमिनार मे लाइलाज भ चुकल कैंसर स ग्रस्त लोक पर चर्चा भेल छल। संस्थान क दिस स सेमिनार मे बताउल गेल छल जे 100 बेड वाला एकटा हास्पीस क निर्माण महावीर कैंसर संस्थान द्वारा हाजीपुर मे कैल जा रहल अछि जे भारत क सबसे पैघ हास्पीज होइत। संस्थान जखन एहि हास्पीज निर्माण क योजना बनेने छल तखने एहि गपक जानकारी लंदन स्थित संत क्रिस्टोफर हास्पीज क भ गेल छल। ओ ई सोचबा पर मजबूर भ गेल जे मंदिर क चढ़ावा स होई वाला आमदनी क सही उपयोग करि कए एकटा संस्थान अपन जीवन स निराश भ चुकल एहन लोक जे मौत क बाट ताकि रहल छथि, हुनका नव जिंदगी देबाक प्रयास करि रहल अछि, जे अपने-आप मे एकटा मिसाल अछि। यहै गप ओकरा नीक लागल आ ओ महावीर संस्थान कए एकटा संदेश पठेलक ले जे संस्थान क एहि केयर सेन्टर क कोनो योजना मे सहयोगी हेबा पर फर्क महसूस करत। संस्थान क निदेशक डॉ जितेन्द्र कुमार सिंह कहला जे ई गर्व क गप थीक।

अंक-16, साल-1, रजिस्ट्रेशन- आवेदित, स्नेह-छवि मिथिला स्कूल ऑफ आर्ट क लेल संपादक डाट वर्डप्रेस डाट काम स इंटरनेट संस्करण प्रकाशित. प्रधान समदिया : छवि झा, प्रबंध समदिया : सुषमा समदिया : कुमुद सिंह*, समाचार समदिया : प्रीतिलता मल्लिक, समदिया(दिल्ली) : गिन्नी सिंह ठाकुर, समदिया (नेपाल): ममता शंकर e_mail: esamaad@gmail.com (*खबरक चयनक लेल जिम्मेदार)